**ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ**

# ФАРМОЙИШИ

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ**

# БИЙЛИГИ

Нукус шаҳри | Нөкис қаласы

№ 207-б «25» август 2017 й.ж

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 5-июль күнги ПФ-5106-санлы Пәрманының орынланыўын тәмийинлеў, Өзбекистан жаслар аўқамы искерлигин қоллап-қуўатлаў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2017-жыл 8-августтағы АУ/04-02/1489-санлы усынысын инабатқа алып:

1. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (А.Убайдуллаев) Өзбекистан жаслар аўқамының Нөкис қаласы ҳәм районлық Кеңеслери ушын «Матиз ML16K» маркалы (бир данасы 48 514 680 млн.сўм), жеңил автомашинасын хызмет бабында пайдаланыў мақсетинде белгиленген, Қарақалпақстан Республикасы жергиликли бюджетиниң дәраматлар режесиниң шереклер даўамында артық орынланған бөлеги есабынан жәми 8 дана автомашиналарды сатып алыў менен байланыслы болған 401 744 264 (төрт жүз бир миллион жети жүз қырқ төрт мың еки жүз алпыс төрт) сўм, соннан автомашиналар сатып алыў ушын 388 117 440 (үш жүз сексен сегиз миллион бир жүз он жети мың төрт жүз қырқ) сўм, Республика жол фондына төлемлери 11 470 064 (он бир миллион төрт жүз жетпис мың алпыс төрт) сўм ҳәм мәмлекетлик белгиси, техникалық паспортын расмийлестириў ушын зәрүр болған 2 156 760 (еки миллион бир жүз елиў алты мың жети жүз алпыс) сўм қаржыларды 1-қосымшаға муўапық белгиленген тәртипте қала ҳәм районлар ҳәкимликлерине ажыратсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасы (М.Джуманиязов) жоқарыда көрсетип өтилген автомашиналарды «Автотеххызмет» АЖ аймақлық филиалы менен белгиленген тәртипте қала ҳәм районлар ҳәкимликлери менен шәртнама дүзиў арқалы сатып алыныўын қадағалаў ҳәм 2-қосымшаға муўапық тарқатылыўын тәмийинлесин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги (А.Темирханов) жоқарыда көрсетип өтилген автомашиналарды жаслар

аўқамының Нөкис қаласы ҳәм районлық Кеңеслери есабына белгиленген тәртипте туўрыдан-туўры рәсмийлестирилиўин тәмийинлесин.

4. Өзбекистан Республикасы Финанс министрлигиниң Қарақалпақстан Республикасындағы қадағалаў-ревизиялаў басқармасынан (Б.Утамбетов) ажыратылған қаржының мақсетке муўапық жумсалыўын қадағалаў соралсын.

5. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Жумановқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Қ.Сариев**

Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл
«25»августдағы 207-б- санлы
бийлигине 1-қосымша

**Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 5-июль күнги ПФ-5106-санлы Пәрманына муўапық Өзбекистан жаслар аўқамының Нөкис қаласы хәм районлық Кеңеслерин автомобиллер менен тәмийинлеў ушын ажыратылатуғын қаржылар**

| № | Өзбекистан жаслар аўқамының Нөкис қаласы хәм районлық Кеңеслери | Автомашиналар саны | Жами | соннан | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Автомашиналарды сатып алыў ушын | Жол фонды | Мәмлекетлик белгисин расмийлестириў |
| | | | | | | |
| 1 | Нөкис қаласы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| 2 | Қоңырат районы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| 3 | Шымбай районы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| 4 | Тахтакөпир районы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| 5 | Хожели районы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| 6 | Төрткөл районы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| 7 | Елликқала районы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| 8 | Мойнақ районы | 1 | 50 218 033 | 48 514 680 | 1 433 758 | 269 595 |
| **Жәми** | | **8** | **401 744 264** | **388 117 440** | **11 470 064** | **2 156 760** |

**Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл**
**«25»августдағы 707-б санлы**
**бийлигине 2-қосымша**

**Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 5-июль күнги ПФ-5106-санлы Пәрманына муўапық Өзбекистан жаслар аўқамының Нөкис қаласы ҳәм районлық Кеңеслерине ажыратылатуғын автомобиллер дизими**

| № | Өзбекистан жаслар аўқамының Нөкис қаласы ҳәм районлық Кеңеслери | «Матиз ML16К» саны |
|---|---|---|
| 1 | Нөкис қаласы | 1 |
| 2 | Қоңырат районы | 1 |
| 3 | Шымбай районы | 1 |
| 4 | Тахтакөпир районы | 1 |
| 5 | Хожели районы | 1 |
| 6 | Төрткөл районы | 1 |
| 7 | Елликқала районы | 1 |
| 8 | Мойнақ районы | 1 |
| **Жәми** | | **8** |